

Lekòl fondamantal : espas fondasyon sosyete ayisyen an

Bénédictine Paul

Lekòl se yon espas sosyalizasyon ki louvri pòt pou yon moun antre nan sosyete a. Si pou lekòl byen fonksyone, li pa kab konte sèlman sou chak grenn moun, men se tout moun byen fòme, nan sans yo konnen dwa yo ak devwa yo gras ak yon pwosesis enstitisyonalizasyon, ki aprann yo divès règ sosyete a. Poudayè, se pou rezon sa a menm yo te kreye lekòl, pandan 18^{em} syèk la, epi yo te rele li «enstitisyon» kanta pwofesè yo, yo te rele yo «enstititè».

Pou li rive reyisi nan travay sosyalizasyon timoun yo epi pou li kontinye ekziste, lekòl te akonpli nonsèlman fonksyon pou li bay timoun yo enstriksyon, men prensipalman edike yo dapre valè epi lide menm sosyete sa a ap rapousuiv. Li enpòtan pou tout soyete siveye atantivman travay lekòl timoun yo, espesyalman nan premye ane yo al lekòl yo. Se nan sans sa a, nou kab pale sou kalite edikasyon an. Nou dwe retounen nan baz la, fondasyon sistèm lan, olye pou nou kontinye ap plenyen, tankou sa rive souvan an Ayiti, sou konpòtman granmoun yo ak otorite irresponsab yo. Se konsa, nou va rive byen konprann poukisa sosyete a rive nan pwen li ye a, poukisa yon bann valè esansyèl rive pèdi.

Alaverite, nou rate okazyon pou nou te transmèt timoun yo baz ideyal ki an rapò ak sosyete a, nou ta renmen wè ki vini reyalite. Lè yo te pran inisyativ pou transfòme lekòl primè a an lekòl fondamantal, se te yon bon lide, paske ekspresyon an limenm «lekòl fondamantal» vle di, tou ba, transmèt timoun yo tout sa ki fondamantal pou yo. Sepandan, lekòl fondamantal akote bivize li a, li siprime ansèyman sivik ak moral, nan yon moman kote sosyete Ayiti a ap peze akseleratè a pou detwi pwòp tèt li apati tout kalite estrateji, tankou dechoukay¹ ak dechoukay pwòp tèt pa li.

1. Dechoukay, se yon mo ayisyen ki reparèt nan kòmansman 20^{em} syèk la epi ki vin popilè nan finisman rejim diktati sou prezidans Divalye yo, papa a ak pitit la, nan ane 1986. Mo sa a soti nan franse «*dessouchage*», sa vle di, rache yon souch (rasin) apre yo fin koupe yon pyebwa. An Ayiti, dechoukay la se kraze brize jouk rive nan fondasyon yo, kay epi eritay yon diktatè. Ekspresyon sa a vin sèvi nan langay chak jou a, tèlman pèp la te toujou dechennen kont responsab politik yo, administratè Leta yo,

Jenerasyon nou genyen jounen jodi a, se ekzakteman rezilta lekòl fondamantal sa a ki san fondman sosyal, kote moun yo, depi yo vin granmoun, pa gen okenn atachman pou sa nou ta kab rele yon «*Haitian Way of life*». Pa gen modèl, pa gen ideyal, rezilta a se tout moun rantr nan koki yo oubyen kopye sa moun lòt bò dlo ap fè. Nou ap mande tèt nou, poukisa moun ki ap dirije nou yo ap kòmande bò isit epi yo al fè envestisman epi tou yo ap viv kay Tonton Sam ? Modèl yo bay tèt yo pou yo viv la, nou santi se nan «*American Way of life*» li ye. Menm moun ki ap fè nòm jiridik yo genyen yon ajisman ki etranje parapò ak nasyon an. Epi, dapre nou, se lekòl ki responsab, paske li pa jwe wòl fondamantal li kòrèkteman, kòm enstitisyon ki ap fè fabrikasyon sosyal epi fòme moun. Lè yon moun fèt, li pa ni bon ni mechan, se sosyete a ki transfòme li dapre aspirasyon li yo ak rèv pa li yo. Sosyete ki pi avanse syantikman yo transmèt timoun yo, depi yo tou piti, kèk nosyon lasyans. Yo rive fè li avèk jwèt. Peyi kou Langletè, Lalmay epi menm Lafrans, ki gen yon popilasyon ki fyè, epi ki devlope yon apwòch nasyonalis, yo devlope lakay timoun yo valè ak santiman apatenans.

Pou nou fini, nou kab di : «Di nou ki kalite lekòl fondamantal ou genyen, nou va di ou ki kalite sosyete ou genyen ! » Li pa twò ta pou nou byen fè sa, dimwens pou jenerasyon ki nan wout ap vini yo. Tout sa, se si nou genyen nan sistèm edikasyon ayisyen an kèk volontè ki vle transmèt timoun Ayiti yo, timoun nou yo, kèk valè, paske se sou zèpòl yo chay responsablite pou pote peyi a byen wo nan klasman entènasyonal yo chita. Defi pou nou leve a gwo anpil epi sa mande yon sans achane pou volontaris. Pakonsekan, se yon devwa pou nasyon an mete pi bon pati nan sa li posede nan lekòl fondamantal la, sa ap kòmanse avèk anseyan yo, ki pou resevwa yon pi bon fòmasyon. ■

militè yo epi menm chèf legliz yo. Kòm dechoukay la pa rive pwoteje sa ki bon nan konstrikasyon rejim sa yo, li vin destabilize sosyete a, konsa sosyete a rantr nan yon faz kote li ap dechouke pwòp tèt li.